



Allaahuma innii ahuusu bika min sawaali nihmatika, wa tahawwuli Hanafiyatika, wa fujaa-atи niqmatika, wa jamiihi saxatika

Jële nañu ci Abdullah ibn Umar yal na leen Yàlla dollee gérëm mu wax ne: bokkoon na ci ñaani Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc: "Allaahuma innii ahuusu bika min sawaali nihmatika, wa tahawwuli Hanafiyatika, wa fujaa-atи niqmatika, wa jamiihi saxatika".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc muslu na ci ñenti mbir: Bi ci njëkk: (yaw sama Boroom maa ngi muslu ci yaw ci deñug sag xéewal) yu diine yi ak yu àdduna yi ak ma sax ci lislaam, ak ma sori di tàbbi ci moy yiy dindi say xéewal. Ñaareel bi: (ak wëlbatikug sag jàmm) ci mu soppiku jëm ci balaa; ma lay ñaan jàmm ju sax, ak mucc ci mettit yi ak tawat yi. Ñatteel bi: (say musiba) ci ay balaa ak i musiba, balaa ak musiba bu ñewee ci ag mbetteel, te jamonoy tuub ak dabaatal nekku fa, kon ki mu dall day gën a màgg gën a tar ci moom. Ñenteel bi: (mbooleem sag mer) sabab yiy waral sag mer; ndax koo mere kooka sooy na ñàkk na. Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dafa wax baat bii ngir mu làmboo mbooleem sabab yiy waral merum Yàlla mu Sell mi te kawe ci ay wax ak ay jëf ak i pas-pas.

<https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5488>

